



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 42 MILYON DOLA NAN TI PWOJÈ KAPITAL AK PWOJÈ MWAYEN POU ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL YO

Pi gwo anons prim kapital la nan Konsèy Eta New York la sou Istwa Atistik la

Benefisyè yo kouvri tout 10 rejyon Eta New York la ak majorite moun ki andeyò Vil New York

Yo bay 57 pousan pou òganizasyon ki gen yon bidjè 1 milyon dola oswa mwens

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 42 milyon dola sibvansyon pou Pwojè Kapital atravè Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la (New York State Council on the Arts, NYSCA) pou 144 ti pwojè kapital ak pwojè kapital mwayen. Investisman kapital rekò sa a nan òganizasyon atizay ak kiltirèl yo atravè eta a sipòte renovasyon bilding esansyèl yo, amelyorasyon aksè ak nouvo espas pou travay kreyatif.

"Ranfòse sektè kreyatif nou an ogmante touris, ranfòse ekonomi nou an, epi amelyore eritaj rich ak lavi kiltirèl Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon rekò sa yo pral sipòte yon pakèt pwojè divèsifye ak inovan nan òganizasyon atizay ak kiltirèl nou yo atravè eta a, pou ede asire tout moun ki vizite yo pral kontinye gen eksperyans bèl bagay pou ane k ap vini yo."

Yo te bay yon total 42,332,000 dola pou 144 ti pwojè ak pwojè mwayen, ak 57 pousan nan sibvansyon sa yo bay òganizasyon ki gen bidjè anyèl 1 milyon dola oswa mwens. Desizyon pwojè yo te priyorize aksè, zèv atistik, devlopman kiltirèl, dirabilite, sante ak sekirite, ak amelyorasyon estriktirèl ak istorik.

Yo pral anonse gwo prim pwojè kapital pou ane fiskal 2023 a nan semèn k ap vini yo.

Benefisyè yo se:

Torn Space Theatre, Buffalo: *Finisman yon renovasyon nan tout kanpis la*

- Pwojè sa a pral konplete yon anviwònman kanpis epi li pral gen ladann espas ouvè rekiperè, transfòmè sit la an yon espas pou plizyè itilizasyon ak plis aksè pou atis ak odyans yo.

Aperture Foundation, NYC: *Reparasyon enteryè ak eksteryè nan de etaj*

- Lajan NYSCA pral sipòte renovasyon Istorik Bilding Fondasyon an, ki gen ladan kreyasyon yon libreri ki vann an detay, yon sal pwojè piblik pou konferans ak ekspozisyon atis yo, yon sal antre, espas biwo ouvè, biwo prive ak sal reyinyon, ansanm ak yon kwizin, twalèt, ak zòn estokaj.

Asosyasyon Istorik Konte Albany, Albany *Konstriksyon Sant Akèy ak Edikasyon*

- Pwojè sa a pral kreye yon Sant Edikasyon ak Vizitè nan yon loakl ki santral ak aksesib nan yon jaden ki mezire 1 ekta nan Mansion Ten Broeck, ki rekonstwi sou fòm Ten Broeck-Olcott Carriage Barn istorik.

Hallockville Museum, Long Island: *Re-itilizasyon adatif Naugles Barn pou pwogramasyon pandan tout ane a*

- Lajan NYSCA pral sipòte re-itilizasyon Naugles Barn mize a, ki pral estabilize estrikti a epi kreye yon lokal ki santre sou kominote a pou klas, kan, ak evènman kontinyèl yo.

Klike [isit la](#) pou w jwenn yon lis konplè benefisyè yo.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou kapab bay senkyèm ane finansman kapital enpòtan avèk sipò Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la. Pwojè sa yo konfime wòl enpòtan atizay ak kilti jwe nan pwosperite ekonomik eta nou an. Envestisman enpòtan sa a nan sante ak vitalite alavni nou an pral bay rekonpans reyèl ak mezirab bay kominote yo atravè Eta a. Yon sensè konpliman pou moun k ap resevwa finansman enpòtan sa a, pwojè piblik sa yo pral benefisye Nouyòkè yo ak vizitè nou yo anpil pou tout tan k ap vini yo."

Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare, "Nan non anplwaye NYSCA, Konsèy ak kominote atistik ak kiltirèl nou an, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislatè Eta nou yo pou angajman san rete yo genyen anvé òganizasyon atistik ak kiltirèl New York yo atravè eta nou an. Bay òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo mwayen pou yo grandi epi anrichi kominote yo, sa kreye yon avni ki pi an sante ak pi solid pou tout Nouyòkè yo."

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo enpòtan anpil pou twal kominote lokal nou yo. Lè nou ogmante dirabilite òganizasyon kiltirèl sa yo, nou pral asire aksè yo pou plizyè jenerasyon. Mwen kontan anpil dèske n ap sipòte pwojè sa yo pou alafwa Nouyòkè yo ak pou vizitè yo ki soti toupatou nan mond lan."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Pwojè kapital pou zèz atistik ak kilti se yon sitiyasyon ganyan-ganyan pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo. Yo jenere travay, touris, edikasyon, kreyasyon espas ak konstriksyon kominote. Mwen kontan dèske yo pral ekipe òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè eta a pou yo grandi ak pwospere nan investisman sa a."

Depi 2018, NYSCA te bay 302 sibvansyon kapital, ki totalize 92 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo atravè sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay New York yo.

Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA ap bay 90 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo pou Ane Fiskal 2023.

Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan

Konsèy la prezève epi fè avanse sektè atistik ak kiltirèl yo ki fè Eta New York gen yon plas eksepsyonèl pou viv, travay epi vizite a. Konsèy la defann dwa tout Nouyòkè pou eksperimante kontribisyon ki vital ke zèv atistik yo fè nan kominote, edikasyon, devlopman ekonomik, ak kalite lavi nou. Pou sipòte rekiperasyon zèv atistik k ap kontinye nan Eta New York, Konsèy sou Zèv Atistik la pral akòde finansman rekò nan ane fiskal 2023 a, bay sipò nan tout aspè zèv atistik, ki gen ladan sipò devwe pou edikasyon sou zèv atistik ak kominote ki pa reprezante yo.

Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite <http://www.arts.ny.gov>, epi swiv paj Facebook, Twitter @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts NYSCA yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)